ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№54 (21.212) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэным и Указ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъум къыхэкIыу **унафэ щIу**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар егъэкIуэкIыныимкIэ къыдэгъэпэщащкIуэ комитет зэхэщэн икIи абы хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъыдэгъэпэщакIуэ комитетым хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэм зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар гъэлъэпIэнымкIэ лэжьыпхъэхэр яубзыхуну;

гуфIэгъуэ пIалъэм зыхуэгъэхъэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ пыщIа Iуэхуэр республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ ящIыгъуу зэфIигъэкIыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын гуфIэгъуэ Iуэхуэр зэрекIуэкIыр цIыхубз хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къагъэпэгъэныр, къызэрыгъэпэщыну.

4. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2008 гъэм гъатхэпэм и 17-м*
*№39-УП*

**(Гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ).**

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

*Сурэтыр* ЕЛЪКЪЭН Артур *трихащ.*

# Аруан район сымаджэщым зеужь

**Аруан район сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэм и унэщIэр, гъатхэпэм и 18-м, зыщыщызIуахым ирихьэлIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Абы щыгъуэ мы гуфIэгъуэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дышэкъ Мадинэрэ КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкIэ и министр Бицу Вадимрэ.**

КъЫУЩIАХЭМ сэлам яриха иужь, Президентым и псалъэр къыщыригъэжьащ медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм. Абы зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и пщэ зэрырилъхьам тету, мы зэманым къабж дохутырхэмрэ медицинэм и курыт IэщIагъэлIэхэмрэ Илъэс Федеральнэ округым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщалэжьыр зыхуэдизыр. Бжыгъэ псори зэпалъыта иужь, республикэм и медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэхэр адрей дэ гъунэгъу щIыналъэхэм щIыIэхэм лъэщIагъэхьэнчэ.

- Санитаркэм, медсестрам сом минрэ щитхурэ - минищ къилэжьрэ, абы щыщу сом минир коммунальнэ Iуэхутхьебзэхэм пэкIуэу ит нэужьмэ, езыр зэрыпсэуну кьыхуэнэжыр сыт хуэдиз? КьызэрыгъэжамкIэ, апхуэдэ Iэщ Iагъэлъэхэм махуэм хуэзэу тумэнитху кьаIэрыхьэу аращ. Абыкъ кьыпхуэщцэхунур щIакъуэрэ кIэртIофрэщ, кьанэм, уеблэмэ, шэ кьыщIэкIыркъым. Дэ ди цIыхухэр апхуэдэ щытыкIэ гугъум кьиднэ хьунукъым. НэгъуэщI мыхъуми, абыхэм я лэжьапщIэр маззэм сом мини 4-м икIыщIыпIэкIэ нэдгъэсын хуейщ. Абыкъ Iэмалхэр диIэщ, ахъшэр кьызыхэтхын дгъуэтынущ. Дауи, Краснодар крайм, Астрахэн областым я бюджетхэм я зэфIэкIыр нэхъ инщ, ауэ ди цIыхухэми а щIыналъэхэм кьыщалэжьым хуэдиз кьаIэрыхьэн хуейщ. ИкIи апхуэдэ унафэр зытещIыхьыпхъэр узынщагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я IэнатIэхэм я закъуэкъым. Дохутырхэм я Iуэхур тIэкIу нэхъыфIщ, абыхэм я улахуэм зэрыхэдгъэхъэунум дегупсысынущ ди бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуху. ЗэкIэ дохутырхэм я лэжьапщIэр гъэ къэс процент 15-кIэ къэтIэтурэ едгъэкIуэкIынущ. А псоми кьадзэкIуэу, лэжьапщIэр зэрат отраслевой хабзэхэри зэтрагъэувэну я мурадщи, абыхэм япкъ иткIэ, улахуэм хущIагъу ахъшэр нэхъыбэ хьунущ.

Бицу Вадим зэрыжиIамкIэ, ди республикэмрэ адрей ди гъунэгъу щIыналъэхэмрэ щат улахуэхэр быдзу 2002 - 2004 гъэхэм зэщхьэщыкIащ, а лъэхъэнэм УФ-м и щIыпIэ псоми зэрыщащIам хуэдэу, КъБР-м щат улахуэхэм зэрыхамыгъэхъуэм кьыхэкIыу.

Аруан район сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэм и унэр 1997 гъэм кьаргъэжьауэ щытащ, ауэ щынагъэсыфэр дысэкIыр илъэсырщ. Ар зэфIигъэуващ «Стройуниверсал» ООО-м. Иджы а унэм ягъэIэпхъуэ IэнатIэхэр укъуэдияуэ мэлажьэ.

**(КIэухыр 2-нэ нап.).**

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Депутатхэр псэупIэм и Iуэхум егъэпIейтей

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и Президиумым и зэIущIэм Правительствэм хуэхаха сыхьэтым хиубыдэу щытепсэлъыхьащ цIыхухэр унэ зэкIэлъымыкIуэхэм, кхъахэ хьуахэм кьыщIэгъэIэпхъукIыным, «ПсэупIэ-2010» республикэ программэ хэхам хрубыдэ «2008 - 2011 гъэхэм КъБР-м и цIыхухэр псэупIэ зэкIэлъымыкIуэхэм кьыщIэгъэIэпхъукIыныр» программэр гъэззэщIа зэрыхьум. Абы щытепсэлъыхьа зэIущIэм кьрихьэлIащ министерствэхэм, республикэм и кьалэ округхэмрэ мунищипальнэ районхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭР кьыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс** кьыхигъэщащ зи гугъу ящIыну Iуэхум егъэлеяуэ мыхьэнэшхуэ зэрилэр икIи депутатхэр абы жьыдкэру хэтыну кьыхуриджащ.

Докладым щIидзэным и пэ кьыхуэу, КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсэныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Уянаев Казым** депутатхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ фIыщIэ яхуищIащ, апхуэдэу ильэс куэд льандзрэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи псэупIэ-коммунальнэ комплексым зегъэужьыным и льэныкъуэкIэ куэд зэрызэфIагъэкIам папщIэ езыр зи пашэ министерствэм и ЩIыхь тхыльыр КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Бозий Натбийрэ** Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэ **Сэхъу Владимиррэ**яритащ.

АдэкIэ ящIа докладым Уянаев Казым кьыщигъэлъэгъащ цIыхухэр унэ кхъахэхэм кьыщIэгъэIэпхъукIыным 2007 гъэм республикэ бюджетымрэ федеральнэ бюджетымрэ я хьэкIкIэ сом мелуан 35-м щIигъу зэрырагъэкIуэдар. ПсэупIэщIэхэр иратащ Iуащхьэмахуэ, ШэджэМ, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районхэм щыщу унагъуи 123-м. ИщкъэкIэ кьыщигъэлъэгъуа хэкIыпIэхэм я хьэкIкIэ сом мелуан 52,8-рэ хухахащ фэтэр куэд хъу унэхэр зэгъэпэщыжыным.

**(КIэухыр 2-нэ нап.).**

● Прохладнэ куэй

# Iэщым и бжыгъэм хагъахъуэ

**Iэщ щхьэ бжыгъэр гъэбэгъуэным ехьэлIауэ лэжьыхьэфI ирагъэкIуэкI Прохладнэ куэйм хыхьэ Къэрэгъэш (Инальчык) къуажэм и Iэщыхъуэхэм.**

МЫБЫ щызэхэт хозяйствэм нобэ Iэщышхуэу 460-м щIигъу иIэщ, Абы щыщу 110-р жэм кьащIи, зы жэщ-махуэм хуэзэу щэуэ литр 11 кърат. Илъэс кIуэм абыхэм шкIэуэ 100 къащIэхъуащ. Мы дызытехьа илъэсми я хэхъуэр нэхъ мащIэ мыхъуну мэгугъэхэр. Нобэ Iэщыхьэхэм гъэмахуэ хьупIэхэм ягъэкIуэну Iэщыр кьыхагъэщхьэхуKI. Куэд льандзрэ къэмыхьуауэ мы илъэсым абыхэм я бжыгъэр 230-м нагъэсащ. ХъупIэм дамышу къагъанэ Iэщхэри мэкъумыдзрэ IусыпхъэкIэ нэсу кьыздэгъэзэрагъэпэщын къару яIэщ: горох щхьэантIэу гектар 50, гъатхасэу хасащ люцернэу гектар 60, рапсу гектарищэ бжьыхьэсэу гъэщIэкIащ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Гу зылъытапхъэ

# «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэм фыкъэрагъэблагъэ

**я илъэс 50 юбилейм иращIэкIыну гуфIэгъуэ зэIущIэм. ЩекIуэкIынур Къэрал концерт зальрщ (ЩоджэнцыкIум и цIэкIэ щыIэ уэрам, 28) гъатхэпэм (мартым) и 26-м сыхьэтыр 15-м. ЗэIущIэм къекIуэлIэнухэм папщIэ «Аминкъ» ансамбль цIэрыIуэм концерт ин итынущ.**

**«Аращи, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм фахэпльэну, концерт дахэ пщIэншэу федэIуэну фыхуеймэ, фыкъеблагъэ - фыхущIегъуэжькъым!» А псалъэхэмкIэ зыкъыфхуагъаза «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау» журналхэр кьыдэзыгъэкIхэм.**

# КъБР-м и инвестицэ проектхэм Италием щыхоплъэ

**Гъатхэпэм и 11 - 13-хэм Кани къалэм щIыщIэкIа дунеипсо гъэлъэгъуэныгъэм - жарымыкIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку кьыщIигъэхьа инвестицэ проектхэм мы зэманым хоплъэ Италием инфраструктурэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ и банкыр.**

МЫ БАНКЫМ и лIыкIуэхэр КъБР-м кьыхилъхьа проектхэм щыгъуазэ защIын папщIэ а гъэлъэгъуэныгъэм кIуауэ щытащ. Нэхъ набдзэгубдзапIкъуэ ахэр бгъэдыхьащ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» курорт - рекреацэ комплексым зегъэужьыным, Солдатскэ станицэ - Тырныауз къалэ гъущI гъэзгр, нэгъуэщI къэралхэм яIыщIа аэропортыр щыным, Налшык къалэм псэупIэ хьэблэщIэхэр щыухуэным теухуа проектхэр зэпкрыхьыным. Республикэм и лIыкIуэхэм кьеспалъэри, Италием кьикIа IэщагъэкIуэщ нэхъ дзыхьэ проектхэр кьащтащ, ахэр нэхъ кууэ зэпкрахьын папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Франдзыкъ щрагъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм нэхъ япэхэми хэтащ, ауэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Ярин Андрей зэрыжиIамкIэ, нужьрей гъэлъэгъуэныгъэм республикэм икъукIэ егугъу зыхуигъэхьэзыращ. «Абы и цIхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр - мы проектхэр гъэззэщIэным зэрыщIадзэрщ. «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, абыхэм трагъэкIуэдэн папщIэ сом меларди 6-м нэблагъэ хухахащ. Бгы-пыжэ комплексхэр зэтегъэуэным теухуа проектхэр гъэзэщIэным Iэмал кьытынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу кьакIуэм я бжыгъэм нэрылъагъуэ хэгъэхъуэнымкIэ, - кьыхигъэщхьэхукIащ Ярин Андрей. - Абы кьыхэкIыу дэ ди мурадщ мы проектхэр псом япэу урысей инвесторхэм я деж хэIущIыну щытщIыну».

ЯмыгъэIэпхъуэ мылькур щагъэлъагъуэ мы жарымыкIэр Европэм щыхэхь зэхуэс нэхъ ин дыдэхэм ящыщIу. Абы и къалэн нэхъыщхьэр ямыгъэIэпхъуэ мылькумкIэ дунеипсо рынокым хэтхэм я зэпыщIэныгъэхэр кьыхэзгъэпэщыныр. Мы гъэм а гъэлъэгъуэныгъэм - жарымыкIэм къэралу 83-м, компание мини 7-м щIигъуи я лIыкIуэхэр, инвестору, бэджэндырылажьэ нэхъ пIэрызехьэу мини 6,6-рэ хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы щигъэлъэгъуащ псори зэхэту евро мелард 1,2-рэ зыхьыну инвестицэ проектхэр. Абыхэм ящыщщ «Чегет», «Чипераза», «Эльбрус», «ЮсенытI» курорт щIыналъэхэм зегъэужьыным, «Джылы-Су» турист-рекреацэ комплексыр ухуэным ятеухуа проектхэр.

**ХЬэПЭ Маринэ.**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм и лэжьакIуэ.*

● Тэрч куэй

# Гъатхасэм йоужьэрэкIхэр

**Пасэу кьихьа гъатхэм Джылахьстэнейм Iэмал кьаритащ гъатхасэу гектар 1500-рэ щым халъхьэну.**

ХЬэПЦИЙ, эзнтхъ, горох хасащ, абы кьыдэкIуэри мэкъумэшыщIэхэм щIыгъэпщэрхэр халъхьэ бжьыхьэсэ гуэдз гектар 3000-м. Ялъ дыдэу гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэм пэрыхьащ Арыкъ, Хьэмидей жылагъуэхэм я бджэндырылажьэхэмрэ «Агро» ООО-м и мэкъумэшыщIэхэмрэ. 2008 гъэм и гъатхэм Тэрч куейм и хозяйствэхэр IуащIащ мэкъумэш техникэ зэмылIэужьыгъуэ куэди зэрагъэпэщауэ: мы махуэхэм ялъ губгъуэм ихьащ иджырей жыласэ трактор 12. Гъатхасэр нахьыгъэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Мыпхуэдэ бжьыгъэми фыщыдгъэгъуэзэнут: Тэрч мэкъумэшыщIэхэр 2008 гъэм телъэжьыхьынущ гектар 27900-м.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Джэдыхъуэхэм я мурадхэр

● Щапхъэ

ЩIыналъэхэм езыхэм Iэщхэ кIыу къыщалъжьыжьыкIэ щIыхухэр ирикъу къызэгъэпэщыныр джэдкъаз гъэхуным зэрызижьыным куэдкIэ елытащ.

Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым бы ныжьыр джэдкъазыду жэщ-махуэм зы цIыхум щыхуэзэр грамми 150-рэщ, гъэшу - 980-рэщ, джэдыкIи 4 - 5-щ. А бжыгъэхэр зэрыхьун хуей мардэхэм нэсыркъым.

Илъэсым кьриубыдэу республикэм и цIыхухэм яшх джэдкъазыду тонн мин 16, джэдыкIэу мелард 260-рэ. Нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщалэжьащ джэдкъазыду тонн мин 20,8-рэ, джэдыкIэу мелуани 138,1-р кьыщрахащ. Бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкIэ, республикэм и цIыхухэр джэдкъазылкIэ ирикъуу кьызэгъэпэща мэхъу, ауэ джэдыкIэр нэгъуэщI щIыпIэхэм кьраш.

Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министерствэм иджыблагъэ щызэхэта зэIущIэм кууэу щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым джэдкъаз гъэхуным зыщегъэужьыным зэрыщIадзэрщ. «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, абыхэм трагъэкIуэдэн папщIэ сом меларди 6-м нэблагъэ хухахащ. Бгы-пыжэ комплексхэр зэтегъэуэным теухуа проектхэр гъэзэщIэным Iэмал кьытынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу кьакIуэм я бжыгъэм нэрылъагъуэ хэгъэхъуэнымкIэ, - кьыхигъэщхьэхукIащ Ярин Андрей. - Абы кьыхэкIыу дэ ди мурадщ мы проектхэр псом япэу урысей инвесторхэм я деж хэIущIыну щытщIыну».

ЯмыгъэIэпхъуэ мылькур щагъэлъагъуэ мы жарымыкIэр Европэм щыхэхь зэхуэс нэхъ ин дыдэхэм ящыщIу. Абы и къалэн нэхъыщхьэр ямыгъэIэпхъуэ мылькумкIэ дунеипсо рынокым хэтхэм я зэпыщIэныгъэхэр кьыхэзгъэпэщыныр. Мы гъэм а гъэлъэгъуэныгъэм - жарымыкIэм къэралу 83-м, компание мини 7-м щIигъуи я лIыкIуэхэр, инвестору, бэджэндырылажьэ нэхъ пIэрызехьэу мини 6,6-рэ хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы щигъэлъэгъуащ псори зэхэту евро мелард 1,2-рэ зыхьыну инвестицэ проектхэр. Абыхэм ящыщщ «Чегет», «Чипераза», «Эльбрус», «ЮсенытI» курорт щIыналъэхэм зегъэужьыным, «Джылы-Су» турист-рекреацэ комплексыр ухуэным ятеухуа проектхэр.

**ХЬэПЭ Маринэ.**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм и лэжьакIуэ.*

## Иджыри махуэ 12-кIэ

**Дыгъуасэ Таиландым и судым аргуэру махуэ 12-кIэ игъэIэнэхъуэну урысей хьэрычэтыщIэ Бут Виктор и къэралым и лъэхъэным зэрыщагъыгъынур.**

Ар яубыдащ США-м и жьIэкIэ. Вашингтон Бут егъэкъуаншэ Iэщэ ишэу, терорист зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ икIи къегъэуа ар а къэралым иратыну. Ёзы хьэрычэтыщIэм жеIэ пцIы къытралъхьэу.

## Украинэм иregъэлей

**Украинэм УФ-м кьыхэнагъэзыдыжа щIыгъабэ кьулейсызыгъэзыдыжа урысей кхъухьым и зэранкIэ Керчь ныс дзжыщIэм хэлъэда мазутIым кьинна хэщIыныгъэм пэкIуэу доллар меларди 2-м нэс иратыжыну.**

Ауэ илъэс и пэкIэ а хэщIыныгъэм и уасэр сом мелуан 60-м щIимыгъуу IэщIагъэлIэхэм кьалытауэ щытащ.

## Ильэситху дэкIа иужь

**США-м и президент Буш Джордж кьэнсельащ Америкэм и Щтат Зэгухэмэр абыхэм кьэутхэмэ я дзхэр Иракым зэрытеуэр илъэси 5 зэрырикъум теухуауэ.**

НаIуэу зэрыщытщи, а зауэм нобэр кьыздэсым хэкIуэдащ американ мини 4-м щIигъу. Мин 23-м фбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. Вашингтон «Ирак Iуэхум» тригъэкIуэдакIэщ доллар мелард 500 хуэдиз. Апхуэдэу екIуэкIмэ, а бжыгъэр илъэситI хуэдизкIэ доллар триллионитIым нэсынущ.

Ауэ, итIани, Буш кьельытэ Иракым зэрытеуар тэмэму, уеблэмэ жиIащ мы Iуэхум дуней псор терроризмэм кьригъэлауэ.

## Гъуэгухэр япэ иregъэщ

**КъуэкIыщIэ Жыжьэм зегъэужьынымкIэ къэрал комиссэм и зэIущIэ дыгъуасэ екIуэкIащ.**

Абы кьыщыщыпсалъэм Премьер-министр Зубков Виктор жиIащ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ Байкал ЩIыбымрэ я зегъэужьыным теухуауэ зэхалъхьа программэр кьанэ щымыIэу ямыгъэзащIэу зэрымыкъуныр. Псом япэу гулытэщIэу хуащIын хуейщ гъуэгугъэр ухуэным.

## Къэрал Думэм

**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и ищIагъ палатэм сшанэ еджэгъуэкIэ кьинтащ зи кьулыкъыр къэзыгъэсэбэщхуэ кьуанщагъэ зылэжьэм трильхьэ зезыхьэр гъэтхэщIым теухуауэ хабзэм хальхьэ зэхуэхъыщыгъэхэр.**

Апхуэдэхэм етхъэкъунущ сом мин 300-м кьыщыщIэдзауэ мин 500-м нэскIэ.

**(ИТАР-ТАСС).**

## НОБЭ

◆ **ЩIым и дунеипсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм кьыщта унафэм ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ Гъэрэ ЩIыр щыгъэзэхэным ирихьэлIэу.

◆ **Франкофонием и дунеипсо махуэщ.** 1970 гъэм гъатхэпэм и 20-м Ниамей (Нигер) къалэм кьыщыщзэрагъэпэщащ франджызыбзэм ирипсалъэ къэралхэм я щэнхабзэ, техникэ зэдзэлажьэныгъэмкIэ агентствэ (1997 гъэм кьыщыщIэздзауэ Франкофонием и дунеипсо зэгухьэныгъэщ).

◆ Тунис Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1956).

◆ Тыркуэмэным щагъэлъапIэ Гъатхэмэр щIыхубзхэмрэ я махуэр.

◆ Гъатхэпэм и 20 - 21-хэм Одессэ щекIуэкIынущ Тенджиз ФIыщIэ экономикэ зэдзлажьэныгъэм хэт кьэралхэм сатумкIэ я министрхэм я зэIущIэ.

◆ Урысей пианист, XX лIэщIыгъуэм и музыкант нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ, СССР-м и щIыхуб артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьжь, Ленин саугъэтым, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Рихтер Станислав (1915 - 1997) кьыщалъхуа махуэщ.

◆ **Дыгъэ кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикIи 10-м, кьухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикIэ 20-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикIи 10-рэ.**

*ПIалъэтэр лъсэуэхэзыгъэр* ШАЛ Мухьэмэд щIэ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

## Зэдэшхэ IэфIщи, зэдэфI унэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

*Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и 2008 гъэм гъатхэпэм и 17-м кьыдиджькІэ Указ №39-УП-мкІэ кьыштащ*

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр кьыдэзышъхьэ и орган нэхъыщхьэр ильэс 70 зэрырикъум зыхъуэгъэхьэзырыныр ар гъэлъэпІэныжьмкІэ кьызэгъэпэщажьІуэ комитетым**

## ХЭТХЭР

**Кьанокьуэ А. Б.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр *(кьызэгъэпэщажьІуэ комитетым и унафэщІ)*

**Бечелов И. Б.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщыр *(кьызэгъэпэщажьІуэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

**Къэзэр А. Хь.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщыр *(кьызэгъэпэщажьІуэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэщ)*

**Ярин А. В.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщыр *(кьызэгъэпэщажьІуэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэщ)*

**Гъпщэ З. Б.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, цІыхубз хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

**Бгъужьнокьуэ Б. Хь.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрымрэ Гуманитар кьухэтэныгъэхэмкІэ я Къэбэрдей-Балькъэр институтым и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

**Берд Хь. А.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Бышэн А. А.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

**Боэий Н. М.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Дышэкі М. Р.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэр

**Жанатаев С. А.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Лъжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

**Жэрыкьуэ Б. Хь.**- Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и яп Президент КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхь» Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щІагъэгъуэт кьэрал еджапІэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

**Зумакулов Б. М.** - ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченэзу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

**Иванов И. В.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, уныщыгъэр хьумэныжьмкІэ и комитетым и унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

**Къэрмырзэ Б. С.** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щагъэгъуэт кьэрал еджапІэм и ректорыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыІуауэ)*

**Кьарэ А. Хь.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Архив кьулыкъум и унафэщІ

**Къуэшырокьуэ З. Кь.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Къулыкъу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым, суд органхэм щыІэр

**Мазий В. Б.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и лъжьыгъэр кьызэгъэпэщыныжьмкІэ, регламентымкІэ, гъэтапэ щІэнхабзэмкІэ и комитетым и унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

**Текіуэн А. А.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

**Тут З. Н.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министрыр

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрыр

**Федченко Л. М.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Хъишхъуэ Т. Б.** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщым и кьуэдзэр - къэрал кьулыкъумкІэ, кьызэгъэпэщыныгъэ - кадр лъжьыгъэмкІэ, наградхэмкІэ управленэм и унафэщыр *(кьызэгъэпэщажьІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ, зэгурыІуауэ)*

Сымаджэщым и теплъэр.

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).*

Ялэ сымаджэхэр мыбы къэщІагъэгъуэльхьэу щІадзащ унэр кьызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэр зэхьхьэным махуипщІ иІэжу. Зыхуэфащэ иджыпрей ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэща унэщІэм иджы щолажьэ диагностикэр, гинекологие, урологие, хирургие, травматологие, реанимацэ кьудамэхэр, операцэхэр щащІ ІэнатІэу пэшІбл зыубыдыр, лабораторэр, рентген кабинетыр. А псори тэмэму кьызэрагъэпэщын папщІэ республикэ бюджетым и ахъщэу сом мелуани 5, щІыпІэ бюджетым щыщу сом мелуани 2, КъБР-м и Президентым и ахъщэу сом мелуани 3 трагъэкІуэдащ.

- Сыт нэгъуэщІи фызытегъэзвыкьу щыІэр? - щІэупщІащ. Кьанокьуэ Арсен, псори зыгъэпІейтей улахуэ Іуэхур яуха нэужь.

КьызэрыщІэкІамкІэ, фЫым хэхъуэху щІыхуэхэр нэхъыфІыжьым хущІокьу. Ижь зэманым кьащэхуэ Іэмэпсымэхэмрэ оборудованэмрэ хэплъыхьауэ кьыхахащ. Аущиджырей щІыпІальэхэр, кондиционерхэр кьомэщІэкІ. Хирургхэм папщІэ иджырей эндоскоп хьэлэмэт кьрагъэшащ. Ар кьызэрагъэсэбэным хуеджа нэужь, дохутырхэм дэтхэнэ операцэри щІыхум уІэгъэшхуэ трамыдэзу ящІыфынущ. Абы и фІыщІэкІэ сымаджэхэр етІуанэ-згъэнэ махуэм кьэтэджу щІадзэ. Иджы хирургием и лэжьакІуэхэм я хьэпсапІэр артроскоп - кьупщхьэ зэрытІпІэхэм я щытыкІэр тэмэму кьэзыплщытэ Іэмэпсымэр, кІэтІий гъымым и щытыкІэм зэзгъэпэщыныжьмкІэ зыщІэзэгъэкъуэнущ. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, уи псэм кьымыщІэ Іэщ Іагъэм зэи урилэжьэфынукъым.

**- Уэ уи проектым тету еБгъэхуэха унэм ущІэсыну ущІэхъуэпсакь?**

- Ялэ сымаджэм зыри езыр зэрыхуейм хуэдэу, и Іэкіэ ищІыжа унэм щыпсэуну хуеиуэ кьыщІэкІынщ, сэри апхуэдэзэм сащыщІ. Пэжщ, сызэрыхуейм хуэдэу унэщхьэ сыкъуэну зэманым зэфІэкІи симыІэми, сыщыпсэу фэтэрым сигу нэхь ирихь зэхъуэкІыныгъэ гуэркэр хэсхьащ.

**- Мы зэманым сытым уеІэжьрэ?**

- Нобэкіэ республикэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэмрэ я щыналъэхэр зэхэгъэщхьэкъуэкІынымк, щІыр зэрызэрахьэ, уэрыныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІ щІыкІэм хабзэ хэлъынымтеухуа тхьытхэр догъэхьэзыр. Ар нкъуэкІ жьауплІынымгъэ зыпыкІ Іуэхущ нкІи гугъуэу. А псори зэхуэгъэкІуэным, зэпэшэчным, убзыхуным зэманымкъуэ ехь.

**- Ирин, Іэнатіэ щІыпІ щІыхубз щІалэхэм сыт хуэдэ чэнджэщкІэ, псалъэжь захуэбгъэзэнт, я Іуэхущ нэхъри ефІэкІуэн папщІэ?**

- Ялэрауэ, зэрыяжьСІащи, щІыхур дзышъхьэ х хъжьыгъэм хэзэгъэнукъым, абы гукъыдэж къиртынкъым нкІи и къуэрыкІуэ дзкІуэнфынукъым. ЕтІуанэрауэ, лэжьыгъэр щІыхухъу, щІыхубз Іэщ Іагъэ жьсІэу, си щхьэкІэ, зэи зэхэздзэкъым. УзыхуэІэнжьмкъуэ Іэщ Іагъэмк, Щхьэмк и пасыпыр щыхьеиг, щІыхуэныкъуэм хъелъагъуэ. Пэжщ, зыгуэрым ущыхэдам дежь Іэщ Іыбэ пщІам ущыхуелъэкІыжьи кьохъу. Абы кьыхэкІыу, кьулыкъымрэ унагъуэмрэ хэдэ щІыхубзыр щымыуэн щхьэкІэ фІыуэ гупсысэн хуеиІу.

Щ Іоджэн Ирмэ зи унафэщІ курыт еджапІэм фІы дыдэу зыхъуигъэхьэзырат зІуІэщІэм.

«ЛІым и гуащІэр и пщІэщ» зыфІащІ ящІ ящІ урокыр зытеухуар Кьардэнгъуащ Зырамыкути, пасэрей адыгэ уэрджыкъэр, хьыбархэр, псалъэжьхэр нобэрей щІэблэм я деж кьэхъэсынымкІэ абы зэфІигъэкІа Іэжьыгъэр зэрыльытэгъуейр, а нэхъыжь щэджащэм и щІэр адыгэ тхыдэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм кьызыщІэзэпхьуныкІа унэри.

Кьанокьуэ Арсен жиІащ, зэрыщыту кьапщтэмэ, узынщагъэр хьумэным и Іэнатіэр республикэм кьызэрыщІэзэпэща щІыкІэм арэзы утекІуэну зэрыщытыр, ауэ ар нэхъри иригъэфІэкІуэн зэрыхуейр:

- Си гугъэмкІэ, ильэсиплІтхум кьриубыдэу пажьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэрфІэдгъэкІыфынущ. Узынщагъэр хьумэным и Іэнатіэр ящІэ гъунэгъуэм кьриубыдэу нэхъ псынщІэу зызыужьыпхъэхэм ящыщщ. Абы кьыхэкІыу Іэнатіэр мылькуКІэ, Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэрызгъэпэщам зэпымыууэ ди нэІэ тедгъэтынущ. ИкъуКІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ щамджэхэр зыхуей хуэгъэзэным, ахэр нэсу хущхъуэхэмкІэ кьызэрагъэпэщыным. Напшык кьалэ Пироговым и цІэкІэ щыІэ уэрамым тет диагностикэ центрыр кьызэІутхынущи, абы щІэтыну оборудованэр кьэщэхуным сом мелуан 400 трагъэкІуэдэнущ.

Зэрыгурыуэгъуэщи, ильэс 20-м кьриубыдэу зэтрихьа гуГууехь псори зэман кІэщІым пхуэзэтегъэкІыжьныкъым, ауэ абыхэм зэкІэлъкІуэу елэжьын хуейщ. Хэхауэ фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт амбулаторэхэр, район сымаджэщхэр зэгъэпэщыжьным зи мыльку хэзыльхьэну мурад зыщІа кьэрычэт лэжьакІуэхэм. Бизнесыр щІыхуэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным, республикэм исэм я гъащІэр нэхъ тынш щІыным хуэунэтІауэ сыгым дежи щытыпхъэу кьызоІытэ.

**БЕЛЫХ Наталье.**
*Сурэтыр тезыхар*
**ЕЛЬКЪЭН Артурщ.**

# Аруан район сымаджэщым зеужь

Кьанокьуэ Арсен жиІащ, зэрыщыту кьапщтэмэ, узынщагъэр хьумэным и Іэнатіэр республикэм кьызэрыщІэзэпэща щІыкІэм арэзы утекІуэну зэрыщытыр, ауэ ар нэхъри иригъэфІэкІуэн зэрыхуейр:

- Си гугъэмкІэ, ильэсиплІтхум кьриубыдэу пажьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэрфІэдгъэкІыфынущ.

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

## Хэт Сталиныр зыгъэлІар?

**Нобэр кьышІэсым зэІуб3 къэхъуакъым Кремлым и блыным пэгъунэгъуу щІалъхьар Сталиныр-ми, абы ещхь (и тепльэкІэ) гуэрми**.

СТАЛИНЫР дунейм ехьжащ 1953 гъэм гъатхэпэм и 5-м. Аращ къэралым и унафэщІхэм, дэфтэр хэм жаІэр. Ауэ хьыбар Іэджэ яІуатэ вождым и лІэныгъэм, абы и лІэкІам техуауэ.

Япэрауэ, яІуатэ Сталиныр щыІар Кремлыр армырауэ, атІэ и дачэрауэ. Хьмакіуэр Берие и джеІ псэльаищ, «вождыр кьызэрымыушам, кызэдыІуэрэ зэпрыжеІм» теухуауэ. Берие а хьыбарыр псынщІэ дыдэу нигъэсащ Маленковрэ Хрущеврэ я деж. ЛІыщхьищри зэгъуэзу дачэм зэпрынэсу, абыхэм кьалъэгъуащ Сталиныр зэрыпІар. Апхуэдэу щыт гъэми, къэралым и щІыхъэм хьыбар зэрырагъэщІар вождыр сымаджэщ.

ЕтІуанэрауэ, американ журналист Каган Стюарт зэритхьжамкІэ, жещыбгъм Кремлым щекІуэкІа зэхуэсым Сталиныр кьышІэсыжащ хьат журтхэр КъуэкІыпІэ Жыжьхэм гъэкІуэн хуейуэ. Ар ягу ирихьакъым зи фызхэр журт Молотовым, Борошиловым, Каганович сымэ. Абыхэм ягухьащ Берие, Хрущев, Молотов, Микоян, Каганович. Зэныкъуэкъур зэрыхьзэрийм хуэкІуащ. Булганиныр Сталиныр зыжьхуІэу. Апхуэдэ щыІкІэ Сталиныр зыжьдэкІащ...

Ещанэрауэ, партым и ЦК-м хэта Пономаренко П., тхакІуэ Эренбург И. сымэ зэрыжаІэжамкІэ, Сталиныр инсультыр «кьышІуеиуэ» ЦК-м и Президиумырыц, журтхэр КъуэкІыпІэ Жыжьхэм гъэкІуэн хуейуэ вождым кьыщихьтьхарыц. Абы хуэзэчакъым зэхуэсым хэтхэм ящыщ зыкьомыр ткІийуэ кьызэреныкъуэкъуар.

Зи гугъу тщІа хьыбархэр фІэщ щыІуреиуэ, «шыпсэ» жьхуаІэм нэхъ пэгъунэгъущ. Нэжьыбэм я фІэщ хъур Сталиным и дачэм заВэуэ а зэманым щыІэжьа Іозагачев П. кьиІуэтэжащ. Абы зэрыжиІэжамкІэ, Кремлым кино щепТыри, Берие, Маленков, Хрущев, Булганин сымэ дачэм кІуащ, абы нэхъ хущ хъухункІэ щыІэхэсащ. ХьэщІэгъуэ сыхьатитум зэбгрыкІыжащ, Сталиныр и закъуэу къагъанэри. Махуэ псом, сыхьатыр 18-м нэсыхункІэ, Сталиныр жеящ. ПщыкъущхьэІу хуэкІуэу, тхыгъэ кьыхуэкІуахэр хущІыхьэу Лозачев Сталиныр зыщІэлъ пэшым щыщІыхьам, къэралым и унафэщІым и псэр ныкъуэхэкІ хьуат. Лозгачевым икІэщІыпІэкІэ кьриджащ Маленков, Берие, Хрущев сымэ, нэгъуэщІ къэралхэм. Ауэ абыхэм дохутыкъэр кьраджакъым, «мэжей, езыр-езыру къэушыжьынщ»-жыхуаІэу.

Апхуэдэ щыкІэкІэ Сталиным дохутыкъэм я дзэпыкъуныгъэ игъуэтакъым сихьэт 14-15-кІэ (тхыдэтхэ Медведев Рой зэритхьмкІэ, сихьэт 36-кІэ!). Медицинэ дафэр хэм шэч щагъэщІ Кремлым и блыным и деж щыщІалъхьар, дауи ирехъуи, мы - Сталину, абы ещхь гъуру!

Хэт-тІэ Сталиныр зыІэщІэкІуэдар? А упщІэм жэуап къыритуэ, Авторханов А. къэхьэкІнеиуэкІ пъэпсь хэмылъу жеІэ: Берие!! Пэж дыдэу, Берие и Іуэхуэр щІагъуэжтэкъым а зэманым. Ар НКВД-м и нарком къуныкъум къытрагъэкІат, пщэрыпІъ хуащІ къаІэнхэр икъукІэ зэхигъэзэрыхьу щІидзат.

Сталиныр лІэным щІэхъуэпсхэм ящыщт Маленковви. Ар игъэкъуащІэу щІадзат зауэ зэманым ди къхъухьтьатэкэм дерт куэд зэрэлажьэкІэ.

Іужьгъэжь инхэр вождым хуаІэт Хрущев, Молотов, Микоян сымэ.

ПщІы зыхэмыльыр мыращ: Кремлым и архивым белджылы къыщІыхьащ вождыр езым и ажалкІэ зэрымылар, ар зыгуэрхэм щхьухькІэ зэрагъэлам теуху дафэрэхэр. Тхыдэтхэхэм я кьалэныр игъэзэщІащ. И чэзу хъащІ мы Іуэхум пыщІа къэхъугъэкэ зэрыкІуэ. Лозачев Сталиныр зыщІэлъ пэшым щыщІыхьам, къэралым и унафэщІым и псэр ныкъуэхэкІ хьуат. Лозгачевым икІэщІыпІэкІэ кьриджащ Маленков, Берие, Хрущев сымэ, нэгъуэщІ къэралхэм. Ауэ абыхэм дохутыкъэр кьраджакъым, «мэжей, езыр-езыру къэушыжьынщ»-жыхуаІэу.

Апхуэдэ щыІкІэ Сталиным дохутыкъэм я дзэпыкъуныгъэ игъуэтакъым сихьэт 14-15-кІэ (тхыдэтхэ Медведев Рой зэритхьмкІэ, сихьэт 36-кІэ!). Медицинэ дафэр хэм шэч щагъэщІ Кремлым и блыным и деж щыщІалъхьар, дауи ирехъуи, мы - Сталину, абы ещхь гъуру!

Хэт-тІэ Сталиныр зыІэщІэкІуэдар? А упщІэм жэуап къыритуэ, Авторханов А. къэхьэкІнеиуэкІ пъэпсь хэмылъу жеІэ: Берие!! Пэж дыдэу, Берие и Іуэхуэр щІагъуэжтэкъым а зэманым. Ар НКВД-м и нарком къуныкъум къытрагъэкІат, пщэрыпІъ хуащІ къаІэнхэр икъукІэ зэхигъэзэрыхьу щІидзат.

Сталиныр лІэным щІэхъуэпсхэм ящыщт Маленковви. Ар игъэкъуащІэу щІадзат зауэ зэманым ди къхъухьтьатэкэм дерт куэд зэрэлажьэкІэ.

Іужьгъэжь инхэр вождым хуаІэт Хрущев, Молотов, Микоян сымэ.

ПщІы зыхэмыльыр мыращ: Кремлым и архивым белджылы къыщІыхьащ вождыр езым и ажалкІэ зэрымылар, ар зыгуэрхэм щхьухькІэ зэрагъэлам теуху дафэрэхэр. Тхыдэтхэхэм я кьалэныр игъэзэщІащ. И чэзу хъащІ мы Іуэхум пыщІа къэхъугъэкэ зэрыкІуэ. Лозачев Сталиныр щыІэр, Франджы дззэшэхэр зауэ операцэ мыщхьэпэхэм жьыджэру зэрыхьэхэр.

ЗэрыгъэхъыбарымкІэ, сымаджэщхэм генатит В е С уэрэд щыІэ. Ар хьэрыгъэ щІэнэсу хьэщІэщ лъапІейхэм, зы жэщ-махуэм доллар мин хуэдиз зи уасэ пщІхэм. Ар захуагъэ? Щыхубзм и ахъшэр зэгъэзэхуэн зэрыхуейм «лІыкІуэхэр» щхьэ емыгупсыр?

**Курочкин Юлий**. *Москва*

КЪЭРАЛ Думэм и Комитетхэм ящыщ зым и унафэщІ Ковалев Олег щыгъуазэ дызэрыхуищІамкІэ, зы жэщ-махуэм депутатхэм къэрал бюджетым кьыхэкІ ахъшэу хьэпІащым «кьыщІанэ» сом мин 819-р. Зыщылъэкъапхъэ пэшхэр яІэми, депутатхэр, зэрытлъагъуцы, щыхьрыкъым щыхубзм и мылькум: зыщагъэпсэху пащтыхь хэщІапІэм нэхъ мы нэхьІэхэм. Апхуэдэ «пщыІхэм» пщІэ яІэн?

**1978 гъэм си ІэкІэ сыухуащ мы зэманым щыщыпсэуунэр. Зы документи сиІэкьым, сыхуеиниуи нэхъапэхэм си гугъакъым. Ауэ, зэрыжаІэмкІэ, къэрал хабзэхэм нобэ ящыкъым документыщІэу, ниэм ущІэсыныр. Сыт хуэдэ лэфтэр зэзгъэзэгъэщІхэр, ар кьыззытыпури хэт?**

**Аугсткали И горь.** *Алтай край*

ЯПЭРАУЭ, узыщыпсэу районым щыІэ судым лъэІу тхьылъ щІэплъхьэн хуейщ. унэр уи мылькуу зэрыщытыр кьиІытэн щхьэкІэ. ЛъэІу тхьылъым щыІыбгъупхьэщ унэр уэ зэрыпщІам щхьхэт техьуэ тхыгъэрэ псэупІэм и техпасортымрэ (аэр кьозытынур БТИ-рщ), госпошлинэр зэрыптамкІэ квитанциэр. Нэхъ гугъур унэр зыгет щІыр зэбгъэбыдыІэнырщ. Ар ууейм, ущІэгъуэвэн щыІэкьым. Ауэ щІыхь щхьхэуэ е жылагъуэ администрацэм ІэщІэлъмэ, абыхэм я арэзынигъэр (тхыгъэу) кьэпІлъхьапхъэщ. ЩІыр кьызэрыщхэуам техууа тхьылъри кьыпхуэщхьэпэнущ.

**ЗэрагъэхьыбарымкІэ, сымаджэщхэм генатит В е С уэрэд щыІэ. Ар хьэрыгъэ щІэнэсу хьэщІэщ лъапІейхэм, зы жэщ-махуэм доллар мин хуэдиз зи уасэ пщІхэм. Ар захуагъэ? Щыхубзм и ахъшэр зэгъэзэхуэн зэрыхуейм «лІыкІуэхэр» щхьэ емыгупсыр?**

**Курочкин Юлий**. *Москва*

КЪЭРАЛ Думэм и Комитетхэм ящыщ зым и унафэщІ Ковалев Олег щыгъуазэ дызэрыхуищІамкІэ, зы жэщ-махуэм депутатхэм къэрал бюджетым кьыхэкІ ахъшэу хьэпІащым «кьыщІанэ» сом мин 819-р. Зыщылъэкъапхъэ пэшхэр яІэми, депутатхэр, зэрытлъагъуцы, щыхьрыкъым щыхубзм и мылькум: зыщагъэпсэху пащтыхь хэщІапІэм нэхъ мы нэхьІэхэм. Апхуэдэ «пщыІхэм» пщІэ яІэн?

**1978 гъэм си ІэкІэ сыухуащ мы зэманым щыщыпсэуунэр. Зы документи сиІэкьым, сыхуеиниуи нэхъапэхэм си гугъакъым. Ауэ, зэрыжаІэмкІэ, къэрал хабзэхэм нобэ ящыкъым документыщІэу, ниэм ущІэсыныр. Сыт хуэдэ лэфтэр зэзгъэзэгъэщІхэр, ар кьыззытыпури хэт?**

**Аугсткали И горь.** *Алтай край*

ЯПЭРАУЭ, узыщыпсэу районым щыІэ судым лъэІу тхьылъ щІэплъхьэн хуейщ. унэр уи мылькуу зэрыщытыр кьиІытэн щхьэкІэ. ЛъэІу тхьылъым щыІыбгъупхьэщ унэр уэ зэрыпщІам щхьхэт техьуэ тхыгъэрэ псэупІэм и техпасортымрэ (аэр кьозытынур БТИ-рщ), госпошлинэр зэрыптамкІэ квитанциэр. Нэхъ гугъур унэр зыгет щІыр зэбгъэбыдыІэнырщ. Ар ууейм, ущІэгъуэвэн щыІэкьым. Ауэ щІыхь щхьхэуэ е жылагъуэ администрацэм ІэщІэлъмэ, абыхэм я арэзынигъэр (тхыгъэу) кьэпІлъхьапхъэщ. ЩІыр кьызэрыщхэуам техууа тхьылъри кьыпхуэщхьэпэнущ.

**ЗэрагъэхьыбарымкІэ, сымаджэщхэм генатит В е С уэрэд щыІэ.**

**УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ**

# Колхозхэтхэр телеканал щхьэхуэ хуей?

**Махуэшхуэхэм ди пщІантІэхэр фадафэхэм я зэхуэсыпІэ мохуэу. Сабийхэм зэхахьу чэф зиІэхэр мэхьуанэ, зэфІонэ, зонькъэжьу. Сыт, нэхьапэхэм хуэдиз, фаІэр зи игъэгъэр хагъэхьуар, сымаджэщ щхьэхуэхэм щамыгъакІуэр?**

**Соколов Инн**. *Москва область*

Фадафэхэр залымыгъэкІэ гъэхъужьныным теухуа законопроект Къэрал Думэм щыІэщ, зэкІэ депутатхэр хэмылдъауэ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, нэхъапэхэм щыІа сымаджэщхэр кьыщэрагъэпэщыжьнукъым. КьызэІуахынущ фадэм зи узынщагъэр ихьахэр езыхэм яфІэфІу щыІэІэзэнэ диспансерхэр.

**Франджы политикэ лъэхъакІуэхэм кьыдалуэкІыу щІадзащ я лъэпкъгъу гуэрым и жагъуэ тщІыуэ кьыззрытхуамыдзыр, зауэ кьыдащІыпІэнкІи зэрыхъунур. Абыхэм ягу кьудгъэкІыжьи хуэмеІуэ щІэрэ Наполеон и Іуэхуэр Урысейм зэрыщыпІэкІуэдыгъар?**

**Молчанов Дмитрий.** *Налшык.*

